



LYNN PUBLIC SCHOOLS
Welcome Center - 100 Bennett St. Lynn, MA 01905
Telefòn (781) 592-8796 – Faks (781) 598-3160

Lis Kontwòl Dokiman

Tout fanmi k ap enskri yon nouvo elèv nan Lynn Public Schools dwe pote oubyen voye dokiman sa yo nan Sant Akèy (Welcome Center) la pa lapòs. Yo pa ka trete aplikasyon yo san dokiman sa yo.

TOUT sa yo :

- Batistè timoun nan, oubyen fòmilè I-94 la
- Kanè vaksinasyon timoun nan ki ajou
- Prèw kote li rete (gade lis **dokiman nou aksepte**)
- Yon foto idantite paran/responsab ki gen foto, tankou:

Kopi paspò Ameriken, Kat Paspò Ameriken, Kat Idantite Militè Ameriken, Kat Rezidan Pèmanan, Kat Pasaj Fontyè, Lisans Chofè oubyen yon lòt kat idantite eta avèk foto ke Depatman Veyikil a Motè (Dept. of Motor Vehicles, DMV) emèt, yon Paspò ke yon Gouvènman Etranje emèt, yon Kat Otorizasyon pou Travay oubyen Kat Idantite Konsilè, Kat DTA.

- Apati 6yèm ane: Fòmilè demann dosye elèv* (gade fòmilè yo)

Nou mande relve nòt ofisyèl lekòl li te ye anvan ansanm ak prezans li ak konpòtman li lekòl. Si timoun nan gen yon Plan Edikasyon Pèsonalize (Individual Education Plan, IEP) nou ap mande sa si paran yo pa pote li

DOKIMAN NOU AKSEPTE KÒM PRÈV ADRÈS

Dokiman rezidans yo dwe enprime avèk non ak adrès aktyèl paran/responsab elèv la.

- Yon bòdwo sèvis piblik (ki pa telefòn) ki fèt nan dènye 60 jou yo.
- Yon papyè kay, règleman oswa peman ipotèk ki fèt nan dènye 60 jou yo.
- Yon kontra lwaye ki poko fini (ki ap dire pou pi piti 1 ane) akò Seksyon 8, oswa lèt Afidavit Rezidans (gade fòmilè yo).
- Yon fòmilè W2 ki fèt nan ane a, oubyen yon fich peman ki fèt nan dènye 60 jou yo.
- Yon bilan bank oswa kat kredi ki fèt nan dènye 60 jou yo.
- Yon lèt ki soti nan yon ajans gouvènman apwouve* epi ki fèt nan dènye 60 jou yo.

*Ajans gouvènman apwouve: Depatman Revni (Departments of Revenue, DOR), (Sèvis Fanmi ak Timoun (Children and Family Services, DCF), Asistans pou Tranzisyon (Transitional Assistance, DTA), Sèvis pou Jèn (Youth Services, DYS), Sekirite Sosyal oubyen tout kominikasyon sou papyè ki gen antèt Commonwealth Massachusetts

Fwod sou zafè rezidans lan se yon vyolasyon lwa eta Massachusetts la epi ka lakòz amann pou peye chak jou ke elèv la pase nan yon lekòl ki andeyò distri kote li rete a legalman.

Laj pou Rantre ki Egzijè

Pwogran Kindègadenn (Senk ane)

Ki fèt ant 1ye septanm 2015 ak 1ye septanm 2016

Premye Ane (Sis ane)

Ki fèt ant 1ye septanm 2014 ak 1ye septanm 2015

Pou plis enfòmasyon, konsilte enfòmasyon nou yo sou sit sant akèy la.

http://www.lynnschools.org/departments/welcome_center.shtml

Voye pa lapòs oubyen pote dosye enskripsyon an nan Lynn Public Schools, Welcome Center, 100 Bennett St. Lynn, 01905

Tanpri rele nou si ou gen nenpòt kesyon, nimewo telefòn (781) 592-8796 – Faks (781) 598-3160